**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**

**МР «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»**

**МКОУ «Тандовская СОШ**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| на методическом совете | Зам. директора по УВР | директор МКОУ "Тандовская СОШ" |
| Протокол №_____ | Зиявудинова М.М. | ____________ Э.А. Исаева |
| «___»__________2024 г. | ________________________ | Приказ №54-Д от 31.08.2024 г. |
| | «_____»________2024 г. | |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## учебного предмета «Родной (аварский) язык. Базовый уровень»

для обучающихся 1-4 классов

**Тандо 2024**

# Родной (аварский) язык.

**Авар мац1.**

## Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилалги, Обществоялда инсанасул рухIияб рахъ, хьвадачIвадиялъул къагIидаби церетIеялъул ва гьесие тарбия кьеялъул концепцияги, Байбихьул школалъул лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги Х1.С. Вакиловасул авторскияб программаги кьочIое росун.

**Рабочая программа составлена на основе следующих нормативно - правовых документов:**

1. Федеральный закон от 29.12.2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации»;
2. Федеральный государственный стандарт начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования, утв. Приказом Министерства образования и науки РФ от 17.12.2010 г. № 1897;
3. Концепции духовно-нравственного развития и воспитания личности гражданина России.- М.: Просвещение, 2011.
4. СанПиН 2.4.2.2821-10 "Санитарно-эпидемиологические требования к условиям и организации обучения в общеобразовательных учреждениях". Постановление № 189 от 29.12.2010г.
5. Федерального перечня учебников, рекомендованных Министерством образования и науки Российской Федерации к использованию в общеобразовательном процессе в образовательных учреждениях от 31.03.2014 года № 253.
6. Федеральная образовательная программа начального общего образования 2023 г.
7. «Положение о рабочих программах учебных предметов, учебных курсов (в том числе внеурочной деятельности), учебных модулей в соответствии с требованиями Федеральных основных образовательных программ» утвержденный по приказу №40-Д от 22.06.2023 г .
8. Учебный план МКОУ «Тандовская СОШ».
9. Авторской программы Вакилов Г.С. Махачкала 2017г

**Учебно-тематический комплект:**

1 класс - З.М.Курбанов «Букварь»
2-4 классы - Х1.С.Вакилов «Авар мац1»

**<u>1 класс</u>**

Байбихьул школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 270 сагIат:
1 классалда 66 сагIат кьун буго, анкьида жаниб 2 саг1ат, ц1алул анкь 33;
2 – 4 классазда авар мацIалъул дарсазе 68 сагIат кьун буго (щибаб классалда 34 цIалул анкь, анкьида жаниб 2 сагIат)

**Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

Байбихьул школа лъугIарал цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:
**Напсиял хIасилал**
1. Жиндирго ВатIаналдаса, Россиялъул ва Дагъистаналъул миллатаздаса гьезул тарихалдаса чIухIиялъул асар бижизаби, жив цо кинаб бугони къавмалъул ва миллаталъул чи вукIин бичIчIи.
2. Цоцазда рухьарал, амма цоцазда рельлъинчIел тIабигIаталдехун, миллатаздехун, маданиятаздехун ва диназдехун цолъи цIунараб, ай
кIибикьичIеб, обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб бербалагьи бижизаби.
3. Цогидал миллатазул маданияталдехун ва гьезул тарихалдехун, гьединго батIияб пикруялдехун цIуна-къараб балагьи бижизаби.
4. ЦебетIун хисулеб дунялалде черх ругьунлъизаби.

5. ЦІалиялдехун интерес бижизаби.
6. Обществоялда чиясул хьвада-чІвадиялъул къагІидабазул ва гІадамазул гІумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб (ай социалияб)
ритІухълъиялъулги эркенлъиялъулги кьучІалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чІараб, цогиялда бухьинчІеб
хасиятги цебетІезаби
7. Эстетикиял бичІчІиял, хІажалъаби ва бечелъаби лъугьинари.
8. Цогидал гІадамазе кумекалъе хІадурав, ният лъикІав, хІалхъублъи гьечІев, гІадамазе лъикІлъи гьабулев инсан вахъинави.
9. ГІел бащадазда ва цІикІкІаразда цадахъ хІалтІизеги щулияб гьоркьоблъи гьабизеги бугеб бажари цебетІезаби, тІадкІалъай бугеб, дагІбадулаб ахІвал-хІалалдаса ворчІизе нух батиялъул бажари цебетІезаби.
10. ХІинкъи гьечІеб, паракъатаб, чорхое (сахлъиялъе) пайдаяб гІумру гьабизе мурад лъей; творческияб хІалтІуде гьира ккезаби, ай творческияб къагІидаялъ хІалтІизе бугеб бажари цебетІезаби; материалиял ва рухІиял бечелъабазул тІалаб-агъаз гьабизе бажари.

**Метапредметиял хІасилал**
1. ЦІалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тІуразариялъул къагІидаби ралагьизе бажари.
2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тІубазабиялъул шартІазде балагьун, жиндирго цІалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадуб хал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.
3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайда боси.
4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгІунтІиялъулал масъалаби тІуразе, каламалъул алатал жигаралда хІалтІизари.
5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тІахьаздаса), гьеб бакІариялъул, гьелда тІад хІалтІиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьеб гІуцІиялъул ва кьеялъул, гьелъул магІна бичІчІизабиялъул батІи-батІиял къагІидаби хІалтІизари.
6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батІи-батІиял стилалъул ва жанразул текстал бичІчІун цІализе бажари.
7. Цо чІванкъотІарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ ва синтез гьабизеги, гьел гІаммлъизаризеги, кинал ругониги гІаламатаздалъун тІелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гІиллаялъулабгин цІех-рехалъулаб бухьен чІезабизеги, гьезда тІаса пикрузагьир гьабизеги бажари, ай логикиял хІалтІаби гьаризе лъай.
8. Накъиталъе гІахьаллъи гьабулев чиясухъ гІенеккизеги, диалогалъулъ гІахьаллъизеги, батІи-батІиял пикраби рукІиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букІиналъе мукІурлъизеги, жиндирго пикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.
9. ГІаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тІубазабиялъул нухал ралагьизеги бажари; цадахъ гьабулеб хІалтІи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотІи-къай гьабизеги, цадахъаб хІалтІулъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъон кколеб хІалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чІвадиялъе къимат кьезеги бажари.
10. Лъилниги рахъ кквечІого, щивас загьир гьабураб пикруги хІисабалде босун, дагІба-рагІи къотІизе бажари.
11. Предметиял ва предметазда гьоркьосел аслиял бичІчІиял лъай.
12. ЦІалулъ жинца кьолел лъикІал яги квешал хІасилазул гІилла бичІчІизеги, нагагьлъун цІалулъ нахъе ккани, гьениса ворчІизеги бажари.

**Предметиял хІасилал**
1. Россиялда ва Дагъистаналда батІи-батІиял мацІал ва маданиятал рукІинги, гьел цоцада рухьарал рукІинги, мацІ щибаб миллаталъул аслу кколеблъиги бичІчІи.
2. МацІ миллияб маданияталъул аслуги гІадамал цоцада ричІчІиялъул ва гьезда гьоркьоб бухьен чІезабиялъул алатги кколеблъи цІалдохъабазда бичІчІи; авар мацІ Дагъистаналъул пачалихъияб мацІ кколеблъиги, гьелъ магІарулазул миллатал цоцада рухьинарулеблъиги лъай.
3. Авар мацІалъул (битІунабиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, битІунхъваялъул, лъалхъул ишараби лъеялъул) нормабазул ва каламалъул этикаялъул къагІидабазул хІакъалъулъ авалиял баянал лъай.
4. Инсанасул гражданлъи ва гІаммаб культура бихьизабулеб гІаламат хІисабалда битІараб кІалзул ва хъвавул каламалдехун лъикІаб бербалагьи букІинаби.

5. ЗахIматал гурел текстал гIуцIулаго, бухьеналъулал масъалаби тIуразаризе, дандекколел мацIалъул алатал тIаса рищизеги, цогидазда
кIалъалаго, цере лъурал мурадазул, масъалабазул ва мацIалъул алатазул хIисаб гьабизеги бажари.
6. ГъалатIал гьечIеб хъвай-хъвагIаялъ жиндирго культураялъул даража загьир гьабулеблъи бичIчIи; текстал хъвалаго, лъалхъул ишараби лъеялъул ва битIунхъваялъул къагIидабаздаса (правилабаздаса) пайда боси. Хъвараб жоялъул хал гьабизе бажари.
7. Фонетикаялъул ва графикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул (морфемикалъул), морфологиялъул ва синтаксисалъул; мацIалъул аслиял бутIабазул, гьезул гIаламатазул ва гьел каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъабазул хIакъалъулъ авалиял баянал лъай.
8. МацIалъул грамматикиял категориял, гьелъул аслиял бутIаби ратIа рахъизе лъаялъул ва гьезул анализ гьабиялъул бажариял лъугьинари.

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**
**ЦIалдохъаби ругьунлъула:**
- кIалзулги хъвавулги калам батIабахъизе;
- хIарпалги гьаркьалги ратIарахъизе;
- рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
- гьаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе, гьаркьазул анализ гьабизе;
- геминатал битIун абизе ва гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
- лабиалиял гьаркьал битIун абизе, гьел хIарпаздалъун рихьизаризе;
- къокъаб тексталъулъ предложениял ратIа гьаризе;
- предложение гIуцIизе (бицун);
- предложениялъулъ рагIаби рихьизаризе;
- схемабаздаса пайдаги босун, рагIи слогазде биххизе;
- слогалккун рагIи цIияб мухъиде босизе;
- предложениялъул интонация цIунизе;
- тексталъул тема баян гьабизе, гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе, текст бицине;
- хасал цIаразул бетIералда кIудияб хIарп хъвазе;
- тексталъулъ цоцазда рухьарал магIнаялъул рахъалъ дандекколел рагIабазда хадуб халкквезе;
- сураталдасан яги гIумруялъулъ лъугьараб асаралдасан текст гIуцIизе, тексталъе цIар ургъизе, гьелъие суалал лъезе;
- форма хисарал предложениял ва текстал гьоркь рукIахъе къачIазе ва гьезул анализ гьабизе;
- рагIабаздасан предложение, предложенияздасан текст гIуцIизе ва гьезуланализ гьабизе;
- мугIалимасул кумекалдалъун абулеб къагIидаги хъвалеб куцги батIиял рагIаби баян гьаризе, битIун хъван ругищали хал гьабизе кколел рагIаби ратизе;
- предметал, предметазул гIаламатал, гьезул ишал рихьизарулел рагIабазе суалал лъезе, гьел рагIабазе къваригIарал магIнаялъулал суалал тIаса рищизе

**Курсалъул материал**

**Хъвай-цIали малъи**
Хъвай-цIали малъи гIуцIун буго кIиго бутIаялдасан:
1. ХIадурлъиялъул заман.
2. ХIарпал малъулеб (букварияб) заман.
Хъвазе-цIализе малъула гьаркьилаб аналитикиябгун синтетикияб методалдалъун. Хъвай-цIали малъи ккола цадахъаб тадбир: цIализе малъиялда цадахъ хъвадаризеги ругьун гьарула, гьебги щулалъизе гьабула калам цебетIезабиялъул хIалтIаби тIоритIулаго, ай гьаркьаздасан рагIи, рагIабаздасан предложение, предложениял дандран хабар гIуцIизе ругьун гьарулаго.
**Фонетика.**
Каламалъул гьаркьал ва гьезул характеристика. РагIул магIнаги гьелъул гьаркьилаб гIуцIиги цоцада рухьарал рукIин бичIчIи. РагIулъ жалго жидедаго чIарал гьаркьал рихьизари. РагIулъ гьаркьазул къадар ва тартиб чIезаби, сипат-суратаблъулалгин символиял схемабазулъ гьел хъвай. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIа гьари. Гьел схемабазулъ рихьизари. Абиялъул бищунго гьитIинаб бутIа хIисабалда слог. РагIаби слогазде рихххи, рагьарал, къарал ва рахарал слогал. Ударение. РагIулъ ударение тIаде кколеб бакI бихьизаби, ударение бугелги ударение гьечIелги слогал ратIа рахъи, РагIабазул слогалъулабгин гьаркьилаб анализ гьабизе (рагIулъ гьаркьазул къадар чIезабизе, рагIул бетIералда, бакьулъ, ахиралда букIаниги, гьеб гьаракь бугеб бакI лъазе, ударение бугеб слог бихьизабизе) лъай.

**Графика.**

Гъаркьал ва хIарпал ратIа рахъи: хIарп гъаркьил ишара ккола. Гъаркьал хIарпаздалъун рихьизаризе бажари. Е, ё, ю, я рагъарал хIарпал. Ъ гъаракь ва х1арп. Ь хIарп. Гъез тIубалеб хъулухъ. Авар алфавиталъулгун (хIарпазул тартибалъулгун) лъай-хъвай гъаби.

**ЦIали.**

Слогалккун цIалиялъул бажари лъугьинаби. Лъимералъул хасаб темпалда дандекколеб хехлъиялда слогалккун ва рагIабиккун цокIалаяб цIали. РагIаби, рагIабазул дандраял, предложениял ва къокъал текстал бичIчIун цIали. Лъалхъул ишарабазда рекъон лъалхъи гъабун ва интонация цIунун, цIали. ЗахIматал гурел гьитIинал текстал ва кучIдул бичIчIун ва пасихIго цIалиялъул бажари цебетIезаби. Живго жиндаго чIун яги мугIалимасул кумекалдалъун цIалараб текст, такрар гъабун (ай цIидасан), бицин. РагIаби, къокъал предложениял, захIматал гурел гIитIинал текстал гIедегIичIого битIун цIализе ругьун гьари. МугIалимас абун яги тIаде балагьун, хъвараб жо хал гъаби мурадалда хал кквезе, битIунхъваялъул къагIидабиги цIунун, цIализе ругьун гьари.

**Хъвадари.**

Хъвадарулаго битIун гIодор чIезе, тетрадь партаялда лъезе, ручка, къалам битIун кквезе лъимал ругьун гьари. КIудиял ва гьитIинал хIарпал битIун хъвазе ва гьел рагIабазулъ цолъизаризе бажари. Гигиеналъул нормабиги цIунун, хIарпал, слогал, рагIаби, предложениял хъвазе ругьун гьари. БацIцIадаб ва бичIчIулеб (ай бигьаго цIализе кIолеб) хатIалъ хъвадаризе лъай. Цин мугIалимас тетрадазда кьурал, цинги азбукаялда ругел рагIаби ва предложениял, тIаде балагьун, хъвазе лъай. МугIалимас абурал рагIухъе хъвалел рагIаби ва гьединал рагIабаздаса данде гьарурал предложениял хъвазе бажари. Текст, тIаде балагьун битIун хъваялъул тартиб ва къагIидаби лъай. ХIарпаздалъун рихьизарулarel графикиял гIаламатаз (ай рагIабазда гьоркьоб хутIараб чIобогояб бакIалъ, рагIаби цо мухъидаса цоги мухъиде рикьун росиялъул ишараялъ) тIубалеб хъулухъ бичIчIи.

**РагIи ва предложение.**

РагIи анализ гьабиялъул материал ва цIех-рех гьабиялъул предмет (ай объект) кколеблъи бичIчIи. РагIул лексикияб магIнаялда хадуб халкквей.РагIи гъаркьаздасан гIуцIун букIунеблъи лъай. Цоцазулгун гьоркьоблъи гьабиялъулъ рагIул бугеб кIвар лъай. Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби каламалъулъ битIун хIалтIизаризе бажари. РагIаби ва предложениял ратIарахъизе бажари. Предложениялъулъ рагIаби ратIа гьаризе, гьезул тартиб хисизе бажари. Предложениялъулъ интонация цIунизе лъай.

**БитIунхъвай.**

ТIоцебесеб классалда гьал хадусел битIунхъваялъул къагIидабазулгун лъай-хъвай гьабула:

- рагIаби ратIатIун хъвай;
- геминатал ва лабиалиял гъаркьал хIарпаздалъун рихьизари;
- хасал цIаразул бетIералда ва предложениялъул авалалда кIудияб хIарп хъвай;
- рагIаби слогалккун цо мухъидаса цоги мухъиде роси;
- предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Калам цебетIезаби.

Тексталъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи. Тексталъулъ предложениял ратIа гьари. Тексталъулъ предложениял цолъизари. ГIенеккун рагIараб ва жинцаго цIалараб текст бичIчIи. Берзулгин сипатиял мисалазул (моделазул) кумекалдалъун каламалъул хIакъалъулъ авалияб бичIчIи лъугьин. Схемазул кумекалдалъун калам магIна бугел бутIабазде биххи. Предложенияздасан бухьараб текст гIуцIи. Жиндир гIумруялъулъ ккарал лъугьа-бахьиназул, хIаязул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталдасан гьитIинабго хабар херхине бажари. БицанкIабазе жавабал кьезе, кучIдул рекIехъе лъазаризе; кицаби, абиял каламалъулъ хIалтIизаризе, рекIехъе лъазарурал кучIдул пасихIго рикIкIине бажари.

## Авар мацIалъул курс

**I класс**

**РагIи. Предложение. Текст.**

Калам. ГIадамазе калам сундуе къваригIун бугеб. Каламалъул бутIа хIисабалда рагIи. МагIнаялъул рахъалъ данде кколелрагIаби цоцазда рухьин. Каламалъул бутIа хIисабалда предложение, текст ва гIумруялда жаниб гьезул бугеб кIвар.

**Предложениялъул бетIерал членал.**

РагIабазул бетIералда кIудияб хIарп.

**Гъаркьал ва хIарпал**

Гъаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гъаркьал. Рагьарал варагьукъал гъаркьал рихьизарулел хIарпал. Авар мацIалъе хасиятал рагьукъал гъаркьал: [гь], [гъ], [гI], [кь], [къ], [кI],

[лъ], [тI], [хь], [хъ], [хI[, [цI], [чI]. Геминатал ва гьел рихьизарулел хIарпал: кк, кIкI, лълъ, сс, хх, цц, цIцI, чч, чIчI. Лабиалиял гьаркьал ва гьел рихьизарулел хIарпал: гв, кв, ккв, кIв, кIкIв, къв, кьв, св, хв, хъв, хьв, щв, шв, гъв, гьв, гв, чв, чIв, цв, цIв.

**РагIи ва слог**. Слогалккун рагIаби цIияб мухъиде роси.

**Каламалъул бутIаби**

Щив? щий? щиб? щал? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметал рихьизарулел рагIаби ккей. Кинав? кинай? кинаб? кинал? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметазул гIаламатал рихьизарулел рагIаби ккей. Щиб гьабураб? Щиб лъугьараб? Щиб гьабулеб бугеб? Щиб лъугьунеб бугеб? абурал суалазе жаваблъун рачIунел рагIаби предметалъул иш бихьизабулел рагIаби ккей.

## 2 класс (34 саг1ат)

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**Напсиял хIасилал:**

- жиндирго ВатIаналдаса, дагъистаналъул миллатаздаса ва гьелъул тарихалдаса чIухIи; жив магIарул миллаталъул чи вукIин бичIчIи;
- рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи ва гьелъ магIарулазул миллатазда гьоркьоб щулияб бухьен чIезабулеблъи лъай;
- гъалатI гьечIеб кIалзул ва хъвавул калам гIаммаб культураялъул гIаламат букIин лъай;
- школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби, кидаго лъикIав цIалдохъанлъун вукIине бажари;
- лъикIаб даражаялда цIализеги цIализе бугеб пагьмуялъе жинцаго къимат кьезеги бажари;
- цо къасдалда жинца гьарурал ишазул жавабчилъиги жибго жиндаго чIараб, цогиялда бухьинчIеб хасиятги цебетIезаби;
- цогидал гIадамазе кумекалъе хIадурав, ният лъикIав, хIалхъублъи гьечIев, гIадамазе лъикIлъи гьабулев инсан вахъинави.
- мугIалимас кьураб къиматалда разилъи

**Метапредметиял хIасилал:**

БатIи-батIиял тIадкъаял тIуразаризе ругьун гьариялъе тIоритIулелхIалтIаби (Познавательные УУД):

- учебникалда бугеб материал лъикI лъай: ай цIалул тIадкъаял тIуразаризе къваригIараб баян (информация) балагьи, суратаздалъун, схемабаздалъун кьураб баян бичIчIи; предметал дандекквей, гьезулъ гIаммал ва батIалъиялъул гIаламатал рихьизари; батIи-батIиял баянал (справкаби) кьолеб учебникалъул ва цIалул пособиязул материалалдаса пайда боси (мугIалимасул нухмалъиялдалъун);

Хурхен гьабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (коммуникативные УУД):

- диалогалъулъ гIахьаллъизе бажари (лъурал суалазе жавабал кьезе, суалал жинцаго лъезе, бичIчIулареб жо мухIкан гьабизе);
- тIадкъаял тIуразарулаго, гьалмагъасда цадахъ хIалтIизе бажари: хIалтIаби гьариялъул ирга чIезабизе ва цIунизе, гьалатIазул хIакъалъулъ гьалмагъасда бицине, цогидазулгун данд бан гьоркьоб лъураб цIалул суал тIубазабиялъулъ гIахьаллъизе;

Гьабулеб цIали низамалда ккезабизе ругьун гьариялъе тIоритIулел хIалтIаби (регулятивные УУД):

- жив хIалтIулеб бакIалда цIалиялъе рукIине кколел щартIал чIезаризе бажари;
- кьураб мисалалдаги данде ккун, жиндирго хIалтIул хал гьабизе, къваригIараб жо тIаде жубазе, мисалалъе кьуралда данде ккечIони, жиндирго хIалтIи хисизе бажари;
- мугIалимасда цадахъ малъулеб материалалъул тартиб чIезабизе бажари;
- бищун кIвар бугел гIаламатал хIисабалдеги росун, предметал ва лъугьа-бахъинал тIелазде рикьизе ва ратIа-ратIаго лъезе бажари.

**Предметиял хIасилал:**

Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, кIиабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула:

- рахьдал мацIалъул алфавиталъул хIарпал абизе;
- рагьарал ва рагьукъал гьаркьал ратIарахъизе;
- рагIулъ ударение бугеб слог батизе;

- геминатал гъорлъ ругел рагІаби битІун абизе (цІализе) ва хъвазе;
- лабиалиял гьаркьал гъорлъ ругел рагІаби битІун абизе (цІализе) ва хъвазе;
- рагІаби, предложениял, 30–40 рагІи бугел текстал, гъалатІал риччачІого, битІун хъвазе;
- рагІаби слогазде рикьизе, цо мухъида инчІеб рагІи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босизе;
- гІадамазда, хІайваназда, шагьаразда, росабазда, гІоразда лъурал цІаразул бетІералда кІудияб хІарп хъвазе;
- Й ва Щ, ш хІарпалги авар мацІалъе хасиятал рагьукъал хІарпалги гъорлъ ругел рагІаби битІун хъвазе;
- Ъ, ь хІарпаз тІубалеб хъулухъ бихьизабизе;
- фонетикияб разбор гьабизе (рагІаби слогазде рикьи, ударение бугеб слог бати, рагІулъ гьаркьазул ва хІарпазул тартиб чІезаби, ицц, гъветІ, учитель гІадал рагІабазулъ гьаркьазулги хІарпазулги къадар чІезаби);
- рагІуе битІун суал лъезе ва суалазул кумекалдалъун предмет, предметалъул гІаламат ва предметалъул иш бихьизабулел рагІаби ратІа рахъизе;
- кІиго-лъабго рагІудасан гІуцІараб предложениялъулъ рагІабазда гьоркьоб бухьен чІезабизе, подлежащее, сказуемое ва битІараб дополнение бихьизабизе;
- рагІабаздасан, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чІезабулаго, предложение гІуцІизе;
- предложениялъул авалалда кІудияб хІарп хъвазе, ахиралда тІанкІ, суалияб ва ахІул ишараби лъезе;
- тексталъул тема чІезабизе ва тексталда цІар лъезе;
- текст предложениязде биххизе;
- магІнаялъухъги балагьун, тексталъул бутІабазда гьоркьоб бухьен чІезабизе;
- суалазул кумекалдалъун хабарияб тексталъул 30–45 рагІи бугеб изложение хъвазе;
- кьураб темаялда тІасан лъабго-щуго предложениялдасан текст гІуцІизе ва хъвазе;
- тексталъул магІна бугел бутІаби цІияб мухъидаса хъвазе.

## Курсалъул материал

**ТІоцебесеб классалда малъараб материал такрар гьаби**

Каламалъул бутІа хІисабалда рагІи, предложение, текст ва гІумруялда жаниб гьезул бугеб кІвар. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Авар мацІалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва хІарпал.

**Каламалъул гьаркьал. ХІарпал. Слог**

Гьаркьал ва хІарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал, хІарпаздалъун гьел рихьизари. Рагьарал гьаркьал ва хІарпал. Рагьукъал гьаркьал ва хІарпал. КъосинчІого рагІабазулъ гьел битІун абизе, цІализе ва ратІа гьаризе лъай. Е,ё,ю,я хІарпал. Й гьаракь ва хІарп. Авар мацІалъе хасиятал рагьукъал гьаркьал ва хІарпал. Щ, ш рагьукъал гьаркьал ва хІарпал. Геминатал (хІухьелалъул тІадецуй кутаклъизабун абулел) ва гьел рихьизарулел хІарпал: кк, кІкІ, чч, чІчІ, сс, хх, цц, цІцІ, лълъ. Лабиалиял (кІутІби цере цІутІизарун рахъулел) гьаркьал ва гьел рихьизарулел хІарпал: кв, ккв, кІв, кІкІв, къв, кьв, хв, хъв, хьв, ев, щв, шв, гъв, гьв, гв, чІв, цв, цІв.Ъ гьаракь ва хІарп. Ь хІарп. Гьез тІубалеб хъулухъ. Алфавит. ХІарпазул цІарал. Алфавиталъул кІвар. РагІи ва слог. РагІи слогазде бикьи. Цо мухъида инчІеб рагІи цоги мухъиде, слогазде бикьун, босиялъул къагІидаби. Ударение. РагІабазул магІна хисиялъулъ ударениялъул бугеб кІвар. РагІулъ ударение бугебги гьечІебги слог.

**Калам**

Калам ва гІумруялда жаниб гьелъул бугеб кІвар. КІалзул ва хъвавул калам. Каламалъул этика. Салам кьеялъул рагІаби.

**Предложение ва текст**

Каламалъул бутІа хІисабалда предложение. Предложениялъул бетІерал членал: подлежащее, сказуемое ва битІараб дополнение.

Предложениялъулъ рагІабазда гьоркьоб бугеб бухьен чІезаби (суалаздалъун). Предложениялъул авалалда кІудияб хІарп хъвазе, ахиралда тІанкІ, суалияб ва ахІул ишараби лъезе ругьун гьари. Предложениялда жаниб магІнаялъул рахьалъ цІикІкІараб кІвар жиндир бугеб рагІи, гьаракь борхизабун, бихьизабизе ругьун гьари. Текст. Тексталъул гІаламатал,

тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцада рухьин, тексталда цIар лъей. Тексталъул тайпаби.

**Каламалъул бутIаби**
Предметал, предметазул гIаламатал ва предметазул ишал рихьизарулел рагIаби (дандекквей).
**Предметияб цIар** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Предметияб цIаралъул суалал: щив? щий? щиб? щал? Каламалъулъ предметияб цIаралъул бугеб кIвар. ГIадамазул цIаразул, фамилиязул ва инсул цIаразул, хIайваназда лъурал тIокIцIаразул, улкабазул, шагьаразул, росабазул, къватIазул, гIоразул, хIоразул, мугIрузул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Цолъул ва гIемерлъул формаялда предметияб цIар хиси (практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьаби).
**Глагол** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Глаголалъул суалал: щиб гьабураб? щиб лъугьараб? щиб гьабилеб? щиб гьабизе бугеб? щиб гьабулеб? щиб гьабулеб бугеб? Каламалъулъ глаголазул бугеб кIвар. Глаголал цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал батIи-батIиял заманабазде хиси (халкквезе). ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги глаголал.
**Прилагательное** (лъай-хъвай гьаби). ГIаммаб магIна. Прилагательноялъул суалал: кинав? кинай? кинаб? кинал? Прилагательноял каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. ГIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулгиприлагательноял.
**Текст. Бухьараб калам цебетIезаби**
Тексталъул тема. Текст ва гIаммаб темаялъ дандрачIел, ратIа тIурал предложениял дандекквей. Тексталъулъ предложениял магIнаялъул рахъалъ цоцазда рухьин. Тексталда ва гьелъул бутIабазда цIар лъей. Тексталда жанир аслияб магIна загьир гьабулел рагIаби. Тексталъул тайпаби: хабариял, сипатиял ва пикриял (лъай-хъвай гьаби). Хабарияб тексталъул бутIаби: байбихьи, аслияб бутIа ва ахир (лъай-хъвай гьаби). Тексталъул цIияб мухъ. Изложениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. Хабарияб тексталъул 30–45рагIи бугеб изложение хъвай (суалаздалъун). Сочинениялъул хIакъалъулъ бичIчIи кьей. МугIалимасул нухмалъиялда гъорлъ сураталдасан яги суратаздасан текст гIуцIи ва хъвай. Лъималазул гIумруялъул, хIалтIул, хIайваназул, хIаязул, цIалул ва гь.ц. хIакъалъулъ текст гIуцIи. Киназго цадахъ 30–40 рагIи бугеб хабарияб текст гIуцIи.

**ЛъагIалида жаниб малъараб материал такрар гьаби**
Гьаркьал ва хIарпал. Каламалъул бутIаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда текст ва предложение

## Берцинго хъвай

ТIоцебесеб классалда хъвай-хъвагIаялъул рахъалъ щвараб бажари щула гьаби. Хъвазе бигьалъи-захIмалъиги хIисабалде босун, гьитIинал хIарпазул тIелал:
1) и, ш, г, гI, т, тI, н, р, у;
2) л, м, ц, цI, щ, ь, гь, ы;
3) а, о, ю, ф, д, б, я;
4) с, е, ё, ч, чI, ъ, гъ, лъ, в;
5) э, х, хl, хь, хъ, ж, з, к, кI, кь, къ.

КIудиял хIарпазул тIелал:
1) И, Ш, Ц, ЦI, Ч, ЧI, Л, М, А;
2) О, С, З, Х, ХI, Е, Э, Я;
3) Ж, У, Н, К, КI, Ю, Р, В, Ф;
4) Г, П, Т, Д, Б;
5) Хь, Хъ, Кь, Къ, Лъ, Гь, Гъ, ТI.

Хъвазе захIматал рагIаби: пальто, учитель, учительница, стакан, тетрадь, махх, гьой, куй, рукъ, (рокъоб), гIор (гIурул), болнух, оцхIутI, бихьи, раххан, ххвел, ххей, ххине, бесси, бусси, руссун, ссан, бецци, ицц, ццин, билълъин, лълъар, релълъин, бацIцIин, бецIцIи, буцIцIин, бичIчIи, чIчIвад, ричIчIи, гвенд, коллектив, театр, кьаб-кьаби, сверун, тIадеялдаса-тIаде, мада-гъадар, дагь-дагькккун, лъаб-лъабккун, бецаруз, ничгьечI, цIурахинкI, багIаргъоло, гIужрукъ, гомог, гонгал, гозо, гузби, гIазу, росу, гIанкI, гIанкIу, гъабу, зулму, пикру, гIелму, кету

## 3 класс (34 сагIат)

КIиабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби

МацIалъул ва каламалъул бутIа хIисабалда текст, предложение ва рагIи. Предмет, предметалъул гIаламатал ва предметалъул ишал рихьизарулел рагIаби. Гьаркьал ва хIарпал. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Е, ё, ю, я рагьарал хIарпал. Геминатал ва лабиалиял гьаркьал . Предложение. РагIабазул дандрай.

**Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун**, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тIалабияб. Интонациялде балагьун, ахIул предложение.

**Предложениялъул бетIерал членал:** подлежащее, сказуемое ва битIараб дополнение. Предложениялъул бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. ГIадатал тIиритIарал ва тIиритIичIел предложениял. Предложениялъул ахиралда тIанкI, суалияб ва ахIул ишара. ГIадатал ва журарал предложениял.

**РагIабазул дандрай.** РагIабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи. РагIабазул дандраязулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

**Текст.** Текст, тексталъул гIаламатал: тема, аслияб пикру загьир гьаби, цIар лъей.

**РагIул гIуцIи.** МагIна гIагарал рагIаби. РагIул магIнаял бутIабазул (кьибилалъул, ахиралъул, аслуялъул ва суффиксалъул) хIакъалъулъ гIаммаб бичIчIи. Ахиразул кумекалдалъун рагIул форма хисиялда ва суффиксазул кумекалдалъун цIиял рагIаби лъугьиналда хадуб хал кквей. Кьибил цоял рагIаби ва цого цо рагIул формаби (дандекквей).

**РагIул аслу**ялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял (лъай-хъвай гьаби).

**Лексика.** РагIул лексикияб магIна (гIаммаб бичIчIи). ГIемер магIнаялъулал рагIаби. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялда рагIаби хIалтIизари. Синонимал. Антонимал .

**Каламалъул бутIаби**. Предметияб цIаралъулгун, прилагательноялъулгун, глаголалъулгун, рикIкIеналъулгун, цIарубакIалъулгун , наречиялъулгун гIаммаб лъай-хъвай гьаби.

**Предметияб цIар**. Предметияб цIаралъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Хасал ва гIаммал предметиял цIарал. Хасал предметиял цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Предметияб цIаралъул жинс: чиясул, чIужуялъул ва гьоркьохъеб.

Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма. ГIицIго цолъул формаялда хIалтIизарулел яги гIицIго гIемерлъул формаялда хIалтIизарулел предметиял цIарал . Предметиял цIарал падежазде свери (асл.п., акт.п., хас.п., кьов.п. ва жинда п.) .

**Прилагательное.** Прилагательноялъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Прилагательноялгун предметиял цIарал рухьун рукIин. Цого яги гIага-шагараб магIнаялъулги гIаксаб магIнаялъулги прилагательноял. Прилагательноял-антонимал каламалъулъ хIалтIизари. Прилагательноял жинсазде хиси. Прилагательноял формабазде хиси.

**РикIкIен.** РикIкIеналъул магIна ва гьелъие лъолел суалал (чан? чанабилеб? чанабилей? чанабилев? чанабилел?). Къадаралъул ва иргадул рикIкIенал ва гьезул битIунхъвай.

**Глагол.** Глаголалъул магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал (лъай-хъвай гьаби). Жинсиял глаголал предметияб цIаргун рекъон ккей.

**Глаголалъул мурадияб форма.** Глаголал заманабазде хиси: бачIунеб, гьанже, араб, гIахьалаб заман. Цого яги гIага-шагарал магIнаялъул глаголалги гIаксаб магIнаялъул глаголалги (синонимал и антонимал). Цо ва гIемер магIнаялъул глаголал. БитIараб ва хъвалсараб магIнаялъул глаголал каламалъулъ хIалтIизари.

**Текст.** Бухьараб калам цебетӀезаби. Тексталъул (яги каламалъул) тайпабазул гӀаммаб бичӀчӀи: хабарияб текст, сипатияб текст, пикрияб текст. Ишалъулабги художествиябги калам.

ЦӀалараб текст бутӀабазде биххизе ва гьезда цӀарал лъезе бажари. Киназго цадахъ яги жинцаго гӀуцӀараб планалда рекъон, хабарияб изложение хъвай.

Сюжет гьечӀелги сюжеталъулалги суратаздаса харбал херхине лъай (бицунги хъванги).

Жидер расандабазул, тӀабигӀаталда хадуб халкквеялъул, рекӀел-гьеялъул,

экскурсиязул, гьудул-гьалмагъзабазул хӀакъалъулъ къокъго бицине бажари.

Лъилниги, сундулниги хӀакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, къокъаб сочинение хъвазе лъай. Жиндир ишазул хӀакъалъулъ гьитӀинабго кагъат хъвазе лъай.

ЛъагӀалида жаниб малъараб материал лъазаби. Текст ва предложение. РагӀул магӀнаял бутӀаби. Каламалъул бутӀаби.

**Берцинго хъвай.**

Берцинго хъвазе, хатӀ куцазе цересел классазда щвараб бажари щула гьаби. Хъвазе захӀматал гьитӀинал ва кӀудиял хӀарпазул ва гьезул цолъиязул мисалиял группаби:

I) з, к, ж, в, ч, б, д, у, я, кӀ, къ, кь, кв;

2) Г, П, Т, Р, З, Е, Ю, У, Д, Ф, К, В, КӀ, Кь, Къ, Кв;

3) Пп, Чч, Рр, Вв, Ее, Зз, Уу, Къкъ, Кькь, КӀкӀ, Кв, ккв, Ол, ое, во, вл, се,

ква, хӀу, хӀо, гьа, гье, гьо, цӀ, Щв, ХӀа, Гьи, Гьо, ТӀа, Ге, Бе, КӀа.

ГьитӀиналго текстал, предложениял, рагӀаби берцинго ва рацӀцӀадго хъвазе ругьун гьари.

БитӀун хъвазе захӀматал рагӀаби: хӀукму, сихӀру, макру, гӀазу, магӀу, макьу, сабру, гӀакълу, рагьу, квердаххелал, квасквас, габурбухь, рицӀигъветӀ, рицӀимахӀу, гӀачимухъ, цӀоросарикӀкӀ, цӀумагъеду, ордек, председатель, приказ, радио, общество, солдат, республика, автономия, агъазгьечӀ, адаб-хъатир, бижарабжо, годекан, гьабугьин, гьабсагӀат, гӀададакъад, эбел-инсул, костюм, кӀиййихъан, кӀикӀвенкь, кӀиабилеб, анцӀила лъабабилеб, анцӀила щуго.

**Курс лъазабун лъугӀун хадуб кьолел хӀасилал**

***Напсиял хӀасилал:***

- школалдехун ва цӀалиялдехун бугеб бербалагьи цӀикӀкӀинаби;

- мугӀалимасул, цадахъ цӀалулел гьалмагъзабазул ва эбел-инсул рахъалъан щвараб къиматги хӀисабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;

- инсанасул напсалъул лъикӀаб хасиятги обществоялда гӀадамазул гӀумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кӀвар ва магӀна бугел мурадал цере лъей.

***Метапредметиял хӀасилал:***

- рахьдал мацӀ гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тӀабигӀаталда нахъгӀунтӀи;

- цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гӀаммлъизабизеги, тӀелазде бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригӀараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;

- информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIализе, хъвадаризе, цIалул тIехьгун хIалтIизе бугел) бажариял куцай;

- цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гъалатIал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин;

- мацIалъул бечелъи бичIчIи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;

- хурхен гьабиялъул батIи-батIиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул ва мацIалъул алатал хIалтIизаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял хIасилал:**

Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, лъабабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула:

- авар мацIалъе хасиятал гьаркьал (хIарпал): хl, гь, кь, къ, ml ва гь. ц., гьединго геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал къосинчIого ритIун рахъизе ва гьел гъорлъ ругел рагIаби, предложениял, гъалатI биччачIого, чвахун цIализе; - рагIаби, предложениял, 40–50 рагIи бугел текстал, гъалатIал риччачIого, битIун хъвазе;

- рагIул фонетикияб разбор гьабизе: рагIаби слогазде риххизе, ударение бугелги гьечIелги слогал ратIа рахъизе, рагьарал ва рагьукъал хIарпал ратизе, рагIулъ гьезул къадар чIезабизе;

- рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе (кьибил, аслу, суффикс, ахир ратIа рахъи);

- батIи-батIиял каламалъул бутIабазул кьибил цоял рагIаби тIаса рищизе;

- каламалъул бутIаби ва гьезул грамматикиял гIаламатал рихьизаризе;

- предметиял цIаразул гIемерлъул форма лъугьинабизе;

- предметиял цIарал падежазде сверизаризе;

- предметияб цIаралъул жинсалда ва формаялда рекъон прилагательноял жинсазде ва цолъул ва гIемерлъул формаялде хисизе;

- къадаралъул ва иргадул рикIкIенал цоцаздаса ратIа рахъизе ва гьел битIун хъвайзе;

- глаголал заманабазде хисизе;

- текстазулъ синонимал ва антонимал ралагьизе ва хIалтIизаризе (терминал чара гьечIого лъазе кколаро);

- предложениялда жаниб суалаздалъун рагIабазда гьоркьоб бухьен чIезабизе, рагIабазул дандраял ратизе;

- предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениязул тайпаби рихьизаризе, бетIерал ва бетIерал гурел членал ратIа рахъизе, суалазул кумекалдалъун гьезда гьоркьоб бухьен чIезабизе, гIадатаб тIибитIараб ва кIиго предложениялдасан гIуцIараб жубараб предложение бихьизабизе);

- предложениялъул интонация цIунизе;

- текст бутIабазде биххизе, магIна бугеб тексталъул бутIа цIияб мухъидаса хъвазе;

- тексталъулъ предложениязда гьоркьоб бухьен чIезабизе;

- темаяда мугъги чIван, тексталъе цIар лъезе, тексталъул аслияб пикру загьир гьабизе;

- рагIабазул дандраялъулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи батизе;

- киназго цадахъ гIуцIараб плаalда рекъон ругьунлъиялъул изложение хъвазе;

- тексталъул тайпа бихьизабизе, ай хабарияl, сипатиял ва пикриял текстал цоцаздаса ратIа рахъизе;

- цебекунго хIадурлъиги гьабун, тIабигIаталъухъ халкквеялъул хIакъалъулъ, сюжетияб сураталда тIаса сочинение хъвазе;

- лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, текст гIуцIизе.

## 4 класс (34 саг1ат)

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**Напсиял хIасилал:**

- школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби;
- мугIалимасул, цадахъ цIалулел гьалмагъзабазул ва эбел-инсул рахъалъан щвараб къиматги хIисабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;
- инсанасул напсалъул лъикIаб хасиятги обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кIвар ва магIна бугел мурадал цере лъей.

**Метапредметиял хIасилал:**

- рахьдал мацI гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIи;
- цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гIаммлъизабизеги, тIелазде бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригIараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;
- информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIалиялъул, хъвадариялъул, цIалул тIехьгун хIалтIиялъул) бажариял куцай;
- цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гъалатI ал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин;
- мацIалъул бечелъи бичIчIи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;
- хурхен гьабиялъул батIи-батIиял масъалаби тIуразариялъе гIоло каламалъул ва мацIалъул алатал хIалтIизаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял хIасилал:** Рахьдал мацIалъул курс лъазабулаго, ункъабилеб классалъул цIалдохъаби ругьунлъула: - лъазарурал каламалъул бутIабазул гIаламатал рихьизаризе;
- предложениялъул тайпа цоял членазул гIаламатал рихьизаризе;
- гъалатIал риччачIого, малъарал битIунхъваялъул къагIида-биги цIунун, 60–70 рагIи бугеб диктант хъвазе;

- геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хIарпал гъорлъ ругьел рагIабазул фонетикияб разбор гьабизе;
- рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе (рагIулъ кьибил, суффикс, аслу ва ахир бихьизабизе);
- рагIул морфологияб разбор гьабизе (предметияб цIаралъул байбихьул форма, жинс, цолъул ва гIемерлъул форма, падеж; прилагательноялъул жинс, цолъул ва гIемерлъул форма; глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма, заман, цолъул ва гIемерлъул форма, жинсиял глаголазул жинс бихьизабизе);
- предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (предложениялъул тайпа чIезабизе, бетIерал членал рихьизаризе, суалаздалъун бетIерал членаздаги бетIерал гурел членаздаги гьоркьоб бухьен чIезабизе);
- тайпа цоял членалгун предложениял каламалъулъ хIалтIизаризе;
- тексталъул тема чIезабизе ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе;
- тексталда цIар лъезе;
- тексталъул план гIуцIизе;

- хабариял, сипатиял ва пикриял текстал ратIарахъизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе;
- лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе;
- лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипат-сурат гъорлъе ккезабун, сочинение хъвазе;
- кIалзул ва хъвавул каламалъулъ хабариял, суалиял, тIалабиял ва ахIул предложениял ратIа рахъизе ва гьездаса пайда босизе;
- тIиритIарал предложениял, тайпа цоял членалгун предложениял ва журарал предложениял цоцаздаса ратIа рахъизе ва каламалъулъ битIун хIалтIизаризе.

## Авар мацIалъул курс

**Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби**

**Гьаркьал ва хIарпал**. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Геминатал. Лабиалиял гьаркьал. Е,ё,ю,я хIарпал. Й гьаракь ва хIарп. Щ, Ш рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. Ъ гьаракь ва хIарп. Ь хIарп.

**РагIул гIуцIи** (кьибил, ахир, аслу ва суффикс). Кьибил цоял рагIаби. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиса-басиял.

**Каламалъул бутIаби.** Каламалъул бутIаби хIисабалда предметиял цIаразул, прилагательноязул, глаголазул гIаламатал гIаммлъизари: гIаммаб магIна, суалал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял, предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъ.

**Каламалъул бутIа хIисабалда предложение.** Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби. Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. РагIабазул дандрай.

**Текст.** Тексталъул тайпаби. Тексталъул тема ва аслияб пикру загьир гьаби. Текстalда цIар лъей. Тексталъул бутIаби ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен.

**Предложение.** Предложениялъул тайпа цоял членал. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал (гIаммаб бичIчIи). Предложениялъул тайпа цоял членал (гIаммаб баян). Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизари. Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел битIун цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизарурал тайпа цоял членалгун гIадатал предложениял ва журарал предложениял цоцазда дандекквей.

Текст Тексталъул хIакъалъулъ щварал баянал гIаммлъизари: тексталъул тема ва гьелъулъ аслияб пикру загьир гьаби, текстalда цIар лъей, тексталъул гIуцIи ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен, тексталъул план гIуцIи.

**Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар**

Цолъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери. Предметиял цIарал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери. ГIадатал падежал: аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж, кьовул падеж. Гьезул ахиразул битIунхъвай. БакIалъул падежал.11 Гьезул ахиразул битIунхъвай. ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери.

**Прилагательное.** Прилагательноялъул лексикияб магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ.

Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ хиси.

Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде свери.

Прилагательноязул битIунхъвай.

**ЦIарубакI.** Каламалъул бутIа хIисабалда цIарубакI. ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал. ЦIарубакIал каламалъулъ хIалтIизариялъул хасльи. Гьумералъул цIарубакIал падежазде свери. ЦIарубакIазул битIунхъвай.

**Глагол**

БакIалъул падежазулгун, жидеда цIарал абичIого, практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьабула.

Каламалъул бутIа хIисабалда глагол: глаголалъул лексикияб магIна, глаголазул суалал. Глаголияб цIар. Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал заманабазде хиси: араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал. Глаголазул битIунхъвай.

**Наречие.** Каламалъул бутIа хIисабалда наречие. Гьелъул лексикияб магIна ва суалал. Наречиял каламалъулъ хIалтIизари. Каламалъулъ гIемер хIалтIизарулел наречиязул битIунхъвай.

**Словарияб хIалтIи**. Каламалъулъ битIараб ва хъвалсараб магIнаялъул рагIаби, синонимал ва антонимал хIалтIизари.

Текст. Бухьараб калам цебетIезаби

Текст ва гьелъул аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Хабарияб, сипатияб ва пикрияб тексталъул гIуцIи. Киназго цадахъ ялъуни жалго ургъун, гIуцIараб планалда рекъон, сипатсурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе лъай. Сураталдасан хабарияб сочинение, хъвазе лъай. Цо лъилниги

Наречиязулгун цIалдохъабаз, учебникалдаса яги жидецаго гIуцIарал текстазул анализ гьабулаго, практикияб къагIидаялъ лъай-хъвай гьабула. Гьелда тIаса щвараб лъаялъул даражаялъул хал гьабуларо. Словариял хIалтIаби тIолго лъагIалида жанир гьарула. Калам гIуцIизе ругьун гьариялъул хIалтIаби тIолго цIалул соналда жанир тIоритIула.

Ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тIоритIизе, хасал дарсазе литературияб цIалиялъе бихьизабураб заманалдаса ичIго сагIат кьун буго. Яги сундулниги хIакъалъулъ, сипат-сурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвазе лъай. Текст гIуцIулаго, эпитетаздаса, метафораздаса, дандекквеяздаса, олицетворенияздаса, гьединго синонимаздаса, антонимаздаса ва гь.ц. пайда боси.

**ЛъагIалида жаниб малъараб материал лъазаби.** Предложениялъул хIакъалъулъ щвараб лъай гIаммлъизаби. Каламалъул бутIаби хIисабалда текст ва предложение. Каламалъул бутIаби.

Берцинго хъвай Берцинго хъваялъе ва хатI къачIаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIониги, цересел классаздаго гIадин, гьанибги берцин хъваялде ва хатI къачIаялде кидагосеб кIвар кьела. БитIун хъвазе захIматал рагIаби: бакъанигIуж, бакIа-бахари, бакъдебусс, бекIкIи, БецIкъварилъи, Сулахъ гIор, ГIарахъ-мегIер, волейбол, ворта-хъети, вуцIцIухIун, гъадибусен, бадиса-бадибе, кIалагъоркье, махсароде, рекIетIа, гьанжего-гьанже, гьанамахI, гьитIинкилищ, гьоркьобакI, гIалагъважа, гIамалквеш, гIамалберцин, гIоркIкIен, гIурччинхер, журагъуран, тIадерахъи, малъухъе, дандерижи, захIмалъи, инжилъи, комбайн, экскурсия, шофер, кIийида, ункъида, лъаб-лъабккун.

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 337396642673316130395918289135989875618693781162

Владелец Исаева Эльмира Ахмедгаджиевна

Действителен С 22.01.2024 по 21.01.2025